# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–07 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

हाथरस भगदड़ मामिला में राज्य सरकार की ओरि से गठित न्यायिक जांच आयोग आजु हाथरस में घटना के ले के कई लोगिन से पूछताछ कइलस। इलाहाबाद उच्च न्यायालय क रिटायर जज बृजेश कुमार श्रीवास्तव के अध्यक्षता में बनावल गइल येह जांच आयोग क सदस्य बिहन से हाथरस में मौजूद हवें। येह आयोग में रिटायर आईएएस अधिकारी हेमन्त राव अउर सेवानिवृत्त आईपीएस अधिकारी भावेश कुमार सिंह सदस्य के रूप में सामिल हवें। बिहने ऊ लोगि घटना स्थल क निरीक्षण कइले के सथहीं हाथरस के जिला अस्पताल पहुंचि के घाही लोगिन से जनकारी जुटवले रहलें। येह जांच आयोग के दुइ महिन्ना में आपन रिपोर्ट प्रदेस सरकार के देवे के हौ।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य कहले हवें कि जनौरी दुइ हजार पचीस में आयोजित होखे वाला महाकुंभ भव्य अउर इतिहासिक होई। उहां के कहलीं कि आवे वाला महाकुंभ में देश अउर दुनिया से पचास करोड़ से बेसी सरधालुअन के अइले क ओम्मेद हौ। उप मुख्यमंत्री आजु प्रयागराज के दौरा पर रहलें।

**********

नीट–यूजी के परीक्षा में अनिमितता क आरोप लगावे वाला याचिकन अउर नया सिरे से परीक्षा आयोजित कइले क मांग वाले याचिकन पर काल्हि सुप्रीम कोर्ट सुनवाई करी। ओहर, केन्द्रीय शिक्षा मंत्रालय सुप्रीम कोर्ट में पहिले से दाखिल अपने हलफनामा में परीक्षा रद्द न कइले गइले क सिफारिस कइले हवे। मंत्रालय क कहनांम हौ कि नीट–यूजी क परीक्षा के पुरहर तरीका से रद्द कइले से बरिस दुइ हजार चउबीस में परीक्षा देवे वाले लाखन ईमानदार ओम्मेदवार गम्भीर रूप से खतरा में पड़ि जइहें। नीट–यूजी क परीक्षा देस के पांच सौ एकहत्तर सहर में चारि हजार सात सौ पचास केन्द्रन पर आयोजित कइल गइल रहे, जेहमें तेइस लाख से बेसी परीक्षार्थी सामिल भइल रहलें।

**********

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड की ओरि से केन्द्रीय सिक्षक पात्रता परीक्षा–सीटेट आजु प्रदेस के कई गो जिला में बनावल गइल परीक्षा केन्द्रन पर सम्पन्न भइल। ई परीक्षा भिन्नहीं साढ़े नौ बजे से बारह बजे ले अउर दुपहरिया बाद दुइ बजे से साढ़े चारि बजे ले दुइ पालियन में आयोजित कइल गइल। परीक्षा के ठीक ढंग से पूरा करावे बदे सज्जो परीक्षा केन्द्र पर पुरहर इंतिजाम कइल गइल रहे। गोरखपुर में केन्द्रीय सिक्षक पात्रता परीक्षा तिरासी केन्द्र पर आयोजित भइल। परीक्षा के दौरान कहूं से कउनों तरह क दिक्कति क खबरि नाहीं हौ।

**********

प्रदेस में परिषदीय स्कूलन क सिक्षक बिहने से टैबलेट पर चेहरा देखा के आपन उपस्थिति दरज करइहें। फेस रिकग्निसन सिस्टम के मददि से उन्हें विद्यालय खुलले अउर बन्द भइले, दुन्नो समय उपस्थिति दरज करावे के होई। बेसिक सिक्षा निदेसालय की ओरि से येह सम्बन्ध में आदेस जारी कइ दिहल गइल हौ।

**********

ओडिशा के पुरी में निकरे वाला भगवान जगन्नाथ क विस्व प्रसिद्ध रथ यात्रा क अनुसरण करत आजु प्रदेस के कई गो जिला में श्री जगन्नाथ रथ यात्रा सरधा भाव के साथे निकारल गइल। गोरखपुर में विष्णु मंदिर से रथ यात्रा निकारल गइल, जेहमें ढेरि संख्या में सरधालुअन के साथे हिमाचल प्रदेस क राज्यपाल शिव प्रताप शुक्लो सामिल भइलें। गोरखपुर में गोलघर अउर बेनीगंजो से भगवान जगन्नाथ क रथ यात्रा निकारल गइल।

बनारस में येह मौका पर रथ यात्रा मेला क आयोजन कइल गइल, जेहमें भगवान जगन्नाथ क प्रिय वस्तुअन क भोग लगा के आम लोगिन के खुसहाली क कामना कइल गइल। प्रदेस के कई गो अउरियो जिलो में भगवान जगन्नाथ क रथ यात्रा निकारल गइले क खबरि हौ।

**********

असमान में बदरी छवले के नाते काल्हि मोहर्रम क चांद नाहीं देखल जा सकल। अइसन में उलेमा कहले हवें कि बिहने आठ जुलाई से मोहर्रम क सुरूआति होई अउर दसवां तारीख सतरह जुलाई के पड़ी। मोहर्रम इस्लामिक कैलेण्डर यानी हिजरी बरिस क पहिला महिन्ना होला।

**********

बीतल कुछु दिनन से हो रहल मानसूनी बरखा के नाते प्रदेस क जियादेतर नदियन क जलस्तर बढ़ि गइल हौ। एकरे सथहीं पहाड़न पर हो रहल जोरदार बरखा से उत्तराखण्ड अउर नेपल से हो के आवे वाला नदी मैदानी इलाकन में उफान पर आ गइल हवे। येह बिच्चे, उत्तराखण्ड के बनबसा बैराज से आजु संझा शारदा नदी में एक लाख पचासी हजार चारि सौ पचास क्यूसेक पानी छोड़ले से ट्रांस शारदा इलाका में बाढ़ि जइसन हालति बनि गइल हौ। ओहर, वाल्मीकिनगर बैराज से लगतारे पानी छोड़ि दिहले के नाने कुशीनगर जिला में बाढ़ि क खतरा बढ़ि गइल हौ। गण्डक नदी क जलस्तर बढ़ि गइले से खड्डा तहसीलि इलाका में एनडीआरएफ के टीमि के सतर्क कइ दिहल गइल हौ। कुशीनगर में गण्डक नदी खतरा के चिन्हा के बराबर बहि रहलि हौ जबकि श्रावस्ती में राप्ती नदी खतरा के चिन्हा से चउहत्तर सेंटीमीटर उप्पर बहि रहलि हौ। बाढ़ि के हालति के बिच्चे काल्हि राति श्रावस्ती में चलावल गइल एगो रेस्क्यू अभियान में बारह लोगिन के सुरक्षित बचा लिहल गइल हौ। बरखा अउर बाढ़ि के हालति के देखत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सज्जो जिलाधिकारी के अलर्ट मोड पर रहले के निरदेस जारी कइले हवें।

**********